

## PANGAJARAN KONPRENSI ASIA AFRIKA

### A. NULIS

#### Tujuan:

13. Siswa mampu mengungkapkan perasaan, keinginan, gagasan, pendapat, dan pengalaman secara lisan maupun tulisan.

### KONPRENSI ASIA AFRIKA

Saméméh taun 1945, daérah-daérah di Benua Asia Afrika umumna dijajah ku bangsa Barat. Sanggeus réngsé perang dunya ka-2, bulan Agustus 1945 kakara nagara-nagara loba nu merdéka. Najan harita perang dunya ka-2 geus réngsé, tapi ari masalah mah loba kénéh nu acan tuntas, saperti kajadian perang di **Jajirah** Koréa, Indo-Cina, Paléstina, Afrika Selatan, jeung Afrika Utara. Malah nagara-nagara nu geus merdéka ogé loba kénéh nu nyanghareupan **rereged** urut dijajah. Upamana, Indonésia ngeunaan Irian Barat, India jeung Pakistan ngeunaan Kasmir, jeung nagara Arab ngeunaan Paléstina.

Mangsa harita anu dipaké karisi ku bangsa-bangsa di dunya, nya éta perkara lahirna dua blok kakuatan raksasa. Blok Barat dikokojoan ku Amérika Serikat, Blok Timur dikokojoan ku Uni Soviét. Lian ti éta aya deui nu dipaké kapaur nya éta perkara nyieun senjata nuklir. Upama ieu dimakarkeun tur digunakeun perang bisa ngamusnakeun manusa, utamana bangsa-bangsa nu aya di Benua Asia Afrika.

Badan internasional PBB( Perserikatan Bangsa-Bangsa) nu harita geus ngadeg, meunang kasulitan ogé ngungkulan ieu masalah. Tina kasangtukang kitu, ahirna lahir gagasan pikeun ngayakeun Konperénsi Asia Afrika (KAA).

Nilik nasib bangsa di Asia Afrika tambah loba nu katideresa, pamaréntah Indonésia beuki prihatin, nya dina tanggal 25 Agustus 1953, Perdana Menteri Mr. Ali Sastroamidjojo nepikeun niat pamaréntah Indonésia ka hareupeun parlemeén. Inti paniatan téh nya éta hayang ngaraketkeun tali silaturahmi ku cara gawébabarengan antarnagara nu aya di Asia Afrika.

Awal taun 1954, kabeneran aya ondangan pikeun ngabadamikeun kapentingan balaréa ti Perdana Mentri Ceylon (Srilangka) Sir John Kotelawala. éta ondangan ditampa kalayan daria ku pamaréntah Indonésia.

Pamaréntah Indonésia saméméh ngiangkeun nu rék gempungan ka Kolombo Srilangka, nyieun heula rumusan. Rumusan diala tina hasil rapat para Kepala Perwakilan Indonésia di nagara-nagara Asia Afrika. Rapat harita dipingpin ku Menteri Luar Negeri Mr. Sumario di Tugu –Bogor, tanggal 9-22 Maret 1954.

Tanggal 28 April nepi ka 2 Mei 1954 gempungan informasi ondangan Perdana Menteri Srilangka dilaksanakeun di Kolombo. Nu hadir dina éta gempungan Perdana Menteri Birma, Srilangka, India, Indonésia, jeung Pakistan.

Perdana Menteri Indonésia nu cukup bekel, idéna loba ditarima ku gempungan Kolombo (Konperénsi Kolombo), kaasup nyodorkeun pitempateun KAA. Tina ieu gempungan Indonésia dipapancénan kudu ngajugjugan pamadegan nagara-nagara séjén nu aya di Asia Afrika perkara rencana KAA.

Indonésia waktu ngalaksanakeun pancén ti Kolombo, ngagunakeun saluran diplomatik. Dalapan belas nagara nu ditepungan, kabéh nyebut satuju KAA diayakeun di Indonésia.

Sabada yakin KAA bisa dilaksanakeun, Perdana Menteri Indonésia ngondang para perdana menteri nu gempungan di Kolombo. Ondangan kasebut tujuanna pikeun ngamusawahkeun persiapan ahir KAA. Gempunganna dilaksanakeun di Bogor, tanggal 28-29 Désémber 1954.

Nu dirumuskeun dina Konperénsi Bogor di antarana ngangtukeun tujuan KAA, ngangtukeun nagara nu rék diondang, jeung nangtukeun sékértariat bersama (lima nagara sponsor).

Dina tanggal 11 Januari 1955 pamaréntah Indonésia nyieun panitia inter-departeméntal nu diketuaan ku sekretaris jenderal sékértariat bersama. Fungsina pikeun nyadiakeun sarana jeung prasarana geusan ngabantu kalancaran KAA.

Tanggal 15 Januari 1955, undangan disebarkeun ku sekretariat bersama ka 25 nagara, nya éta ka Afganistan, Kamboja, Féderasi Afrika Tengah, Tiongkok, Mesir, Ethiopia, Pantai Emas (*Gold Coast*), Iran, Irak, Jepang, Yordania, Laos, Libanon, Liberia, Libya, Nepal, Philipina, Saudi Arabia, Sudan, Syria, Thailand, Turki, Vietnam Selatan, Vietnam Utara, jeung Yaman. Tina dua puluh lima nagara ngan Féderasi Afrika nu nolak. Harita éta nagara téh dikawasa kénéh ku nu ngajajah.

Pitempateun KAA di Bandung. Présidén RI Ir. Soekarno dina pamariksaan ahir di Bandung, tanggal 17 April 1955 ngahaja ngaganti ngaran gedong jeung jalan, diluyukeun jeung tujuan KAA. **Gedung Concordia** diganti jadi **Gedung Merdéka**, **Gedung Dana Pensiun** jadi **Gedung Dwiwarna**, jeung sabagian **Jalan Raya Timur** jadi **Jalan Asia Afrika**.

Para **délégasi** nu rék KAA daratang ka Bandung, lolobana dina tanggal 16 April 1955. Ditampungna di Hotél Homan, di Hotél Prianger, di 12 hotél séjénna, di perumahan pribadi, jeung di perumahan pamaréntah.

Tabuh 09.00, poé Senén, tanggal 18 April 1955, para délégasi KAA geus aya di rohangan Gedung Merdéka. Présidén RI Ir Soekarno salaku *tuan rumah* nepikeun biantara pangbagia sakaligus muka acara. Sabadana, dina tabuh 10.20 présidén katut pangiringna pamit ti éta rohangan.

Tabuh 10.45 Perdana Menteri Indonésia mingpin sidang seméntara pikeun nangtukeun ketua konpérénsi. Dumasar mupakat, ketua konpérénsi dipilih sacara aklamasi. Ieu gagasan munggaran datang ti Perdana Menteri Mesir, Gamal Abdél Nassér, tuluy dikuatan ku pamingpin-pamingpin délégasi rakyat Cina, Yordania, jeung Philipina. Hasil pamilihan aklamasi, ketua konpérénsi nya éta Perdana Menteri Indonésia, ketua sékertariat bersama konpérénsi, Ruslan Abul Gani. Pikeun kapanitianana Ketua Konpérénsi, Mr. Ali Sastroamidjojo (Perdana Menteri Indonésia), Ketua Komite Politik, Mr. Ali Sastroamidjojo, Ketua Komite Ekonomi, Prof. Ir. Rossino (Menteri Perékonomian Indonésia), Ketua Komite Kebudayaan, Mr. Moch. Yamin (Menteri Pendidikan Pengajaran dan Kebudayaan Indonésia).

Tempat musawarah konpérénsi, lian ti ngagunakeun Gedong Merdéka ogé ngagunakeun rohangan Gedong Dwiwarna.

Konpérénsi cacap saminggu. Tanggal 24 April 1955, tabuh 21.00, Sekertaris Jenderal Konperensi macakeun rumusan ahir di hareupeun sidang umum. Rumusan ahir kasebut buah tina konpérénsi masing-masing kapanitiaan. Rumusan ahir nu dibacakeun ku Sékertaris Jéndral Konpérénsi ku sidang umum disaluyuan, utamana pernyataan politik nu katelah **Dasasila Bandung**, eusina:

1. Ngajénan hak-hak dasar manusa jeung tujuan-tujuan sarta azas- azas nu aya dina piagam PBB.
2. Ngajénan kadaulatan jeung integritas teritorial sakumna bangsa-bangsa.
3. Ngaku sasaruuan sakabéh suku-suku bangsa jeung sasaruua, sakabéh bangsa-bangsa gedé atawa leutik.
4. Henteu ngalakukeun intervensi atawa pipilueun kana soal-soal jero nagri nagara séjén.
5. Ngajénan hak unggal-unggal bangsa nu mertahankeun diri pribadi boh sacara nyorangan, boh sacara *koléktif*, nu luyu jeung piagam PBB.
6. a. Henteu ngagunakeun aturan-aturan tina pertahanan koléktif, pikeun migawé kapentingan husus ti salah sahiji tina nagara nagara gedé.  
b. Henteu ngalakukeun tekanan ka nagara-nagara séjén.
7. Henteu ngalakukeun tindakan-tindakan atawa ancaman agrési atawa ngagunakeun kekerasan kana *integritas téritorial* atawa kamerdékaan politik

sakabéh nagara.

8. Ngaréngsékeun sagala pacéngkadan internasional ku jalan dami, saperti badami, persetujuan, arbitrase diréngsékeun ka hakim, jeung atawa ku cara dami sejénna nurutkeun pihak-pihak nu aya patalin nu luyu jeung piagam PBB.
9. Ngamajukeun kapentingan babarengan jeung gawé babarengan.
10. Ngajénan hukum jeung kawajiban-kawajiban internasional.

Dina **komuniké** ahir ditémbreskeun yén KAA geus maluruh jeung geus ngabadameun soal-soal nu aya pakuat-pakaitna jeung lapangan ekonomi kabudayaan, katut lapangan politik.

Konpérénsi Asia Afrika réngsé sabada Ketua Konpérénsi nutup éta acara..

### *Keterangan*

jajirah = bagian tanah daratan nu méh kakurilingan ku laut (méh mangrupa pulo).

reregéd = kokotor atawa nu ngotoran; rupa-rupa pagawéan masiat.

konpérénsi = rapat géde pikeun ngamusawarahkeun hal nu penting.

delegasi = jalma nu ditunjuk tur diutus ku pakumpulan dina rundingan; utusan.

Komuniké = bewara resmi ti pamaréntah dina mas media nu dikaluarkeun sanggeus pertemuan diplomatik.

Dina ieu pangajaran urang diajar nulis karangan nu maké bagan. Saacan karangan disusun, urang kudu ngumpulkeun heula informasi tina sababara sumber, di antarana tina wacana "Konferensi Asia Afrika". Tina sumber téh susun rangkay karangan, tuluy pekarkeun jadi karangan nu dilengkepan ku bagan. Sangkan karangan leuwih alus, gunakeun kecap nu méréhah, gunakeun wangun kalimah nu méréhah, wanda kalimah nu méréhah, jeung fungsi kalimah nu luyu jeung kaperluan. Pikeun éta kaperluan, teorina ieu di handap.

#### *1. Wangun Kaiimah (Bentuk Kalimat) Ngantét*

Dina wacana "Konpérénsi Asia Afrika" aya kalimah kieu.

- (1) Nu hadir dina éta gémpungan Perdana Menteri Birma, Srilangka, India, Indonésia, **jeung** Pakistan.
- (2) **Sameméh** taun 1945, daérah-daérah di Benua Asia Afrika umumna dijajah ku bangsa Barat.

Kalimah (1) kaasup wangun kalimah ngantét satata. Kalimah (2) kaasup wangun kalimah ngantét sumélér.

Wangun kalimah dumasar unsur klausa nu jadi pangwangun kalimah bisa dibagankeun kieu.

#### *Wangun Kalimah*

*Kalimah Salancar*

*Kalimah Salancar*

*Kalimah Basajan*

*Kalimah Jembar*  
*Kalimah Ngantet Satata*  
*Kalimah Ngantet Sumeler*

Kalimah (1) pangna disebut kalimah ngantét satata sabab diwangun ku dua klausa nu satata (sadarajat). Ari kalimah (2) pangna disebut kalimah ngantét sumélér sabab diwangun ku dua klausa nu teu satata, klausa kahiji indung kalimah, kalimah satuluyna anak kalimah atawa sélér kalimah (éééer = turunan, *kalimah sumélér*, tegesna kalimah nu dianakkalimahan).

**a. Kalimah ngantet satata**

Kalimah ngantét satata ngawéngku genep wangun.

1) **Jumlahan**, maké kecap

jeung  
jeung deui  
katut  
tambah-tambah  
nya ... nya ...  
jaba ti ...  
sarta  
tur  
turug-turug  
boh ... boh...  
lian ti.

*Conto:*

Hal nu dipedar, Indonésia ngeunaan Irian Barat, India jeung Pakistan ngeunaan Kasmir, **jeung** nagara Arab ngéunaan Paléstina.

2) **Lalawanan**, maké kecap

tapi  
ari  
padahal  
nanging  
ngan  
sedengkeun

*Conto:*

Najan harita perang dunya ka-2 geus réngée, **tapi** ari masalah mah loba kénéh nu acan tuntas

3) **Pilihan**, maké kecap atawa

*Conto:*

Ngaku sasaruuan sakabéh suku-suku bangsa jeung sasaruuan sakabéh bangsa-bangsa gedé **atawa** leutik.

4) **Tumuluy**, maké kecap tuluy, terus

*Conto:*

Ieu gagasan munggaran datang ti Perdana Menteri **Mesir**, Gamal Abdél Nassér, **tuluy** dikuatan ku pamingpin-pamingpin délégasi.

5) **Sinambung**, maké kecap beuki ... beuki ..., mungkin ... mungkin ...

*Conto:*

Beuki dieu téh beuki karasa mangpaat konferénsi téh.

6) **Panandes**, maké kecap malah, malahan, samalah

*Conto:*

*Lain soal kaamanan wungkul nu dipedar téh, **malah** soal pangwangunan gé dipedar.*

**b. Kalimah ngantét sumélér**

**Kalimah ngantét sumélér** ngawéngku **sabelas wangun**.

1) **Waktu**, maké kecap

basa  
waktu  
salila  
sanggeus  
ti barang  
nepi ka  
unggal/ung gal-unggal  
sabot  
bada/sabada  
saban/saban-saban  
memeh/samemeh  
keur

*Conto:*

**Saméméh** konferénsi dibuka, ngaran gedong diganti.

2) **Sarat**, maké kecap asal, lamun

*Conto:*

**Lamun** hayang pinter kudu daék maca.

3) **Tujuan**, maké kecap

ambeh  
sangkan  
supaya  
malar  
ngarah

malahmadar  
keur

Conto:

**Sangkan** bisa hidep nyieun karangan, Wacana téh baca heula.

4) **Sabab**, maké kecap

alatan  
bakat ku  
dumeh  
ku sabab  
lantaran  
pedah  
bubuhan  
sabab ku  
lantaran  
da

Conto:

Kuring maca KAA, **sabab** éta téh tugas ti guru.

5) **Akibat**, maké kecap

akibatna  
antukna  
balukarna

Conto:

Manena kakadali ku harta, **akibatna** cilaka dunya ahérat.

6) **Cara**, maké kecap

bari  
kalawan  
kalayan  
tanpa

Conto:

Usahana jujur **kalayan** halal.

7) **Guna**, maké kecap keur, pikeun, geusan

Conto:

Manusa dilahirkeun ka dunya **pikeun** jadi kalipah di dunya.

8) **Iwal**, maké kecap iwal, iwal ti, kajaba

Conto:

Sakur jalma aya dina kaayaan rugi **iwal** nu iman, nu amal soléh, silih élingan dina hak, tur sobar.

9) **Babandingan**, maké kecap

asa  
bangun  
siga  
kawas  
jiga  
saperti  
kadya

Conto:

Talajak manéhna téh **siga** talajak penjajah.

- 10) **Undak**, maké kecap  
boro-boro  
bororaah  
boroampar

Conto:

**Boro-boro** nyieun karangan, nulis aksara gé teu bisa.

- 11) **Tansarat**, maké kecap  
najan/sanajan  
sangkilang  
cacakan  
parandéné

Conto:

,pees laom ham uml<sup>3</sup> **sanajan** sibagikeun ka unggal jalmi.

## 2. Wanda Kalimah (Tipe Kalimat)

### a. Kalimah répléktif jeung résiprokatif

- (1) Kuring siduru sanggeus sibeungéut.
- (2) Délégasi jeung délégasi **silih** tembrakkeun pamanggih.

Kalimah (1) disebut **kalimah répléktif** (medial) sabab caritaanana nuduhkeun kalakuan nu migawé maneh (malindes ka diri). Kalimah (2) disebut **kalimah resiprokatif** sabab caritaanana nuduhkeun kalakuan silih bales.

### b. Kalimah Langsung jeung Teu Langsung

- (3) "Kedah hormat ari ka guru téh!" Ibu Lis Rohaeti ngémutan(?)
- (4) Ibu Lis Rohaéti ngémutan yén kedah hormat ka guru téh. (?)

Kalimah (3) disebut **kalimah langsung** sabab, langsung diucapkeun ku panyaturna (dina basa tulis dicirian ku kekenteng tanda petik). Kalimah (4) disebut **kalimah teu langsung** sabab teu langsung diucapkeun ku panyaturna.

### c. Kalimah sampurna jeung teu sampurna

- (5) Blok barat dikokojoan ku Amérika Serikat, Blok Timur dikokojoan ku Uni Soviet.
- (6) Punten!

Kalimah (5) disebut **kalimah sampurna** sabab sakurang-kurangna ngandung hiji

klausa bébas. Kalimah sampurna téh ngawéngku kalimah salancar jeung kalimah ngantét, boh susunan umum (normal J/S-C/P-O), boh susunan husus atawa inversi C/P-J/S-O).

Kalimah (6) disebut **kalimah teu sampurna** sabab ukur ngandung klausa kauger, boh mangrupa kecap, boh mangrupa frasa sabada dipungkas ku tanda intonasi ahir.

### 3. Fungsi Kalimah (Fungsi Kalimat): Kalimah Panyeluk/Bituna Rasa

Dina pangajaran ti heula kungsi dipedar kecap panyeluk (*interjeksi*). Interjeksi gunana pikeun ngébréhkeun sora bituna rasa panyatur. Rupa-rupa rasa nu ditepikeun téh gumantung kana kaayaan waktu nyarita,

- rasa geuleuh : ey, iy
- gumbira : alhamdulillah, hore, horseh, lakadalaiah, asik
- kagét/reuwas : euleuh, waw, ambuing, géuning, horéng
- keuheul : na, ih, yéh
- nyeri : aduh, alahieung, uh
- pasrah : ah, emh, jste.

Dina ieu pangajaran kecap nu biasa digunakeun pikeun ngébréhkeun sora bituna rasa téh larapkeun dina kalimah panyeluk, saperti conIo kalimah ieu di handap.

- **Ey**, éta huntu patung mani ranggéténg.
- **Alhamdulillah**, urang nyaho KAA tina buku Basa *Sunda SLTP*.
- **Waw**, aya beca tabrakan jeung treuk!
- **Ih**, tara disiplin kana waktu!
- **Aduh**, tarang tidagor kana panto!
- **Ah**, teu langkung Alloh, da ihtiar sareng usaha mah parantos utami!

### 4. Parobahan Harti (Perubahan Makna):

Parobahan harti nu dipedar dina ieu pangajaran nya éta **amhliorasi** (ngaluhuran) jeung **peyorasi** (ngahandapan).

*Améliorasi* téh robahna harti kecap, harti kecap anyar leuwih luhur ajénna batan harti kecap heubeul,

Upamana kecap wanita, harti heubeul mah sarua jeung sato bikang, tapi harti anyar (ayeuna) sarua jeung istri karir (istri nu boga préstasi dina hadé). Jadi, harti améliorasi téh harti kecap nu ngaluhuran ajénna.

*Péyorasi* nya éta robahna harti kecap, harti kecap anyar leuwih handap ajénna batan harti kecap heubeul.

Contona kecap bujang, harti heubeul mah sarua jeung jajaka, tapi harti anyar (ayeuna) sarua jeung pembantu. Jajaka mah kamungkinan gandang pertengtang tur boga pamor hadé, tapi pembantu mah aya kamungkinan henteu kitu. Ku lantaran kitu, ajén harti kecap bujang ngahandapan. Jadi, harti péyorasi téh harti kecap nu ngahandapan ajénna.

### Jawab ieu soal!

Susun karangan perkara Konferensi Asia Afrika, panjangna kurang leuwih lima puluh kalimah. Dina éta karangan kudu digunakeun bagan, kalimah ngantét (bebas), wanda kalimah (bébas), bituna rasa (bébas), jeung parobahan harti (bébas)!